



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 6 mas 2012

**GOUVÈNÈ CUOMO PWOPAZE PWOJÈ-LWA POU SIPÒTE BRASRI ATIZANAL AK ANTREPRIZ
PWODIKSYON DIVEN KI SIPÒTE EKONOMI LOKAL YO**

***Pwojè-lwa a Ta Ankouraje Kwasans Antrepriz Atizanal yo, epitou li Ta Ogmante Demann pou Pwodui
Agrikòl Lokal yo***

***Pwojè-lwa a Ta Ofri Egzanpsyon pou Antrepriz Pwodiksyon Diven yo ak Distilri yo pou Egzijans pou Yo
Peye Taks ki Ensipòtab***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te pwopaze pwojè-lwa pou kreye yon lisans “Brasri Atizanal” pou ankouraje kwasans brasri atizanal Eta New York.

Nouvo lisans lan ta pèmèt nouvo brasè ki itilize pwodui yo fè nan Eta new York opere nan yon menm manyè ak brasri eta a, pou ka ogmante demann lan pou pwodui agrikòl yo fè sou plan lokal, epitou pou gen plis devlopman ekonomik ak touris.

Gouvènè a te pwopaze pwojè-lwa a tou pou bay egzanpsyon pou Brasri Atizanal ak Distilri yo nan yon egzijans pou yo peye taks ki anpil ak ensipòtab.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Pwojè-lwa sa a ofri yon sipò pou brasri yo, kiltivatè yo, antrepriz ki fè diven yo, ak kominote yo ki toupatou nan Eta New York. Pwojè-lwa sa a ap bay endistri byè atizanal eta nou zouti ki nesèsè pou kreye anpil djòb, pou ankouraje agrikilti, epitou pou ankouraje devlopman ekonomik ki bon pou anviwònman an toupatou nan Eta New York.”

Pwojè-lwa Gouvènè a pou ankouraje kwasans ekonomik endistri brasri atizanal la ap gen ladan:

Ogmantasyon Mache Detayan yo pou Pwodui New York yo: Pwojè-lwa a ta pèmèt Brasri Atizanal yo vann diven ki gen etikèt New York yo nan mache detayan yo. Answit, Brasri Atizanal yo ta jwenn pèmisyon tou pou vann byè ki gen etikèt New York yo pou konsomasyon lòt kote.

Pèmisyon pou Brasri Atizanal yo Louvri Restoran: Pwojè-lwa a ap pèmèt Brasri Atizanal yo jwenn lisans pou opere restoran, sant konferans, ti otèl, kabann ak manje-maten oswa otèl nan brasri atizanal la oswa toupre brasri a.

Ogmantasyon Tès Gou: Pwojè-lwa a ta pèmèt Brasri Atizanal yo ak Antrepriz Pwodiksyon Diven yo fè esè gou byè ak diven yo fè nan Eta New York nan lokal yo.

Lavant Pwodui Asosye: Pwojè-lwa a ta pèmèt brasri atizanal yo vann ekipman ak materyèl pou fè byè, manje ki ajoute sou byè ak diven an, atik souvni, ak lòt pwodui ki sanble avèk sa ki gen otorizasyon anba lwa sou Brasri Atizanal.

Pou ka resevwa yon lisans Brasri Atizanal, byè a dwe fèt sitou avèk pwodui agrikòl yo fè nan zòn nan. Jouk nan fen ane 2017, yo dwe plante oswa pwodui omwen 20% oublon ak 40% tout lòt engredyan yo nan Eta New York. Ant 1ye janvyè 2018 ak 31 desanm 2022, yo dwe plante oswa pwodui 60% oublon ak 75% tout lòt engredyan yo nan Eta New York. Ant 1ye janvyè 2023, yo dwe plante oswa pwodui 90% oublon ak 90% tout lòt engredyan yo nan Eta New York. Yo ta deziyen byè yo fè dapre gid sa yo kòm “byè ki gen etikèt Eta New York”. Pwojè-lwa a baze sou “Lwa 1976 sou Brasri Atizanal,” ki te ankouraje kwasans pwodiksyon diven nan eta sa a, ansanm avèk kreyasyon 237 brasri atizanal ak miltiplikasyon kantite antrepriz ki fè diven yo pa twa.

Answit, Gouvènè a te pwopoze pwojè-lwa a tou pou bay egzansyon pou Brasri Atizanal ak Distilri yo nan yon egzijans pou yo peye taks ki anpil ak ensipòtab. Pou kounye a, tout kote k ap vann byè, diven ak alkòl an gwo isit la nan New York gen obligasyon pou rapòte lavant yo fè ba restoran, ba, ak lòt detayan yo. Men, paske brasri atizanal ak distilri atizanal yo piti, souvan se fanmi ki posede operasyon, epitou yo batay anpil pou jwenn mwayen pou fè depans pou konfòme yo avèk kondisyon sa a pou bay rapò a chak ane. Fado yo enpoze sou yo akòz egzijans pou yo fè rapò sa a diminye benefis yo resevwa nan Depatman Fiskal Eta a, paske acha nan brasri atizanal yo ak nan distilri atizanal yo konte pou yon pousantaj ki piti anpil nan lavant total byè ak diven eta a. Biznis sa yo deja gen obligasyon lalwa pou konsève dosye lavant Depatman Fiskal la ka jwenn sou demann, sa ki fè lòt egzijans pou yo fè rapò obligatwa a pa nesesè.

Dean Norton, Prezidan New York Farm Bureau, di konsa “Nou wè gwo posiblite pou kwasans pou kiltivatè nou yo nan kategori lisans bwason abaz alkòl ki asosye sitou avèk danre agrikòl yo pwodui nan zòn nan – ant kwasans brasri atizanal yo ak dènye tandans relatif distilri atizanal yo. Sa a se yon posiblite pou kiltivatè zòn nan fè New York retounen vin premye eta ki pwodui oublon nou te ye yon lè a, sa k ap kreye mache valè ajoute ak nouvo djòb nan Eta nou an. Mwen kontan anpil poutèt Gouvènè Cuomo te pran mezi sa a pou toujou ay nouvo posiblite pou manm kiltivatè nou yo.”

Dennis Rosen, Prezidan State Liquor Authority, di konsa, “Pwojè-lwa sa a pral ofri yon gwo avantaj pou kiltivatè zòn nan, lè li ede yo kreye yon demann dirab pou pwodui yo. Finalman, lè biznis sa yo ofri prim pou brasri atizanal yo ogmante, menm jan ak antrepriz pwodiksyon diven yo, y ap vin kote k ap ankouraje devlopman ekonomik ak touris andedan kominote yo. Pwojè-lwa sa a ap sipòte agrikilti a ak

brasri yo, epitou l ap kreye anpil djòb ak plis devlopman ekonomik nan New York. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo pou kalite dirijan li, epitou mwen pa ka tann pou travay ansanm avèk li pou wè pwojè-lwa sa a pase pou li vin yon lwa.”

Darrel Aubertine, Manm Komisyon Depatman Agrikilti ak Mache, di konsa, “Pwojè-lwa sa a ap egzante Brasri Atizanal yo ak Distilri Atizanal yo nan egzijans pou peye anpil taks ki pa bon pou ti biznis yo isit la nan New York. Brasri atizanal ak distilri atizanal yo piti, souvan se fanmi ki posede operasyon yo, epitou yo batay anpil pou jwenn mwayen pou fè depans pou konfòme yo avèk kondisyon sa a pou bay rapò a chak ane. Gouvènè Cuomo fè ouvèti Eta New York pou biznis yon priyorite prensipal administrasyon li an, epitou pwojè-lwa sa a pral ede diminye gwo depans yo te enpoze sou ti brasri ak distilri atizanal yo. Brasri atizanal ak endistri fabrikasyon diven New York se yon pati enpòtan nan ekonomi nou an, pou sipòte djòb ak touris nan eta a, epitou mwen pa ka tann pou nou travay ansanm pou asire pwojè-lwa sa a vin yon lwa.”

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418